



KONSÈY POU W KONPRANN KOUVÈTI ASIRANS MEDIKAMAN W LAN AK MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON W YO





KONPRANN KOUVÈTI MEDIKAMAN W LAN

Kisa yon lis medikaman ye?

Yon lis medikaman, yo rele l tou yon repètwa, se yon lis medikaman sou preskripsyon plan sante w la kouvri.

Jeneralman, lis medikaman yo divize an kategori oswa nivo. Yo di w men konbyen plan sante w la kouvri pou medikaman yo nan chak kategori epi men konbyen w ap peye.

Men yon egzanp nivo medikaman nan yon plan Medicare (nivo plan w lan ka diferan):

- \$ Nivo 1**—kopèman ki pi ba: pifò medikaman jenerik sou preskripsyon yo
- \$ Nivo 2**—kopèman mwayen: medikaman sou preskripsyon ki rekòmande, medikaman ki gen non mak
- \$ Nivo 3**—kopèman ki pi wo: medikaman sou preskripsyon ki pa prefere, ki gen non mak
- \$ Nivo espesyalize**—kopèman ki pi wo: medikaman sou preskripsyon ki chè anpil



Pifò lis medikaman yo gen règ oswa restriksyon sou kèk medikaman sou preskripsyon.

Sa ka gen ladan l:

- **Egzije yon otorizasyon alavans**
- **Limite kantite medikaman ou ka pran nan yon peryòd byen detèmine**
- **Egzije w itilize yon medikaman ki pa chè men ki efikas avan yo kouvri medikaman ki pi chè a, si premye opsyon an pa t fonksyone.**

Plan sante w la ka fè w jwenn enfòmasyon sou kouvèti asirans medikaman sou preskripsyon w lan nan yon fòma aksesib oswa nan yon lang ki pa Anglè. Kontakte plan w lan pou plis detay.

Lè yo preskri w yon medikaman, asire w li sou lis medikaman plan sante w la.



Vizite sit entènèt plan sante w la pou w wè si preskripsyon ou bezwen an sou lis medikaman plan w lan epi konbyen kòb li ye.



Si li pa sou lis medikaman plan sante w la, w ap oblije peye pou li. Ou ka pale ak founisè w la sou lòt opsyon ki ta ka genyen nan lis medikaman plan w lan ki ka fonksyone pou ou.



Plan sante yo mete lis medikaman yo a ajou regilyèman epi yo ka chanje medikaman ki te kouvri yo, ajoute nouvo medikaman jenerik oswa chanje pri yo. Sonje verifye lis medikaman plan sante w la. Si chanjman yo gen yon enpak sou swen w yo, panse pou w chanje plan oswa pale sa ak founisè w la pou l ba w yon lòt medikaman.

Konbyen kòb pri preskripsyon w lan ka ye?



Pri preskripsyon w lan ap depann de kouvèti asirans medikaman plan sante w la ak famasi ou a itilize a. Ou ka peye mwens nan yon famasi prefere (yon famasi ki dakò avèk plan asirans ou an pou fè w peye mwens). Ou ka verifye lis medikaman plan w lan pou w wè kisa w ap bezwen pou w peye pou preskripsyon w yo.



Si medikaman yo preskri w la twò chè epi li se yon medikaman ki gen non mak, mande founisè w la si l ap posib pou l chanje l avèk yon medikaman mak jenerik, ki ka koute mwens. Si w toujou preyokipe konsènan pri preskripsyon w lan, gwoup asistans pou pasyan yo ka ede w diminye pri w yo.



Si w gen Medicare epi ou enkyè konsènan pri preskripsyon w lan, gen kèk eta ki ofri pwogram ki pou ede w peye medikaman yo. Ou ka elijib tou pou Pwogram Èd Siplemanntè (Extra Help Program) ki la pou diminye pri preskripsyon w yo. Vizite paj entènèt [Medicare.gov](https://www.medicare.gov) sa, ki titre “[5 fason pou w jwenn èd pou pri preskripsyon yo](#) ([5 ways to get help with prescription costs](#))” pou w konn plis konsènan fason pou w jwenn èd pou pri preskripsyon yo.

Si w gen Medicare epi medikaman yo te preskri w la pa sou lis medikaman w yo, ou ka fè apèl pou yo fè yon eksepsyon pou ou. Vizite [Medicare.gov/medicare-prescription-drug-coverage-appeals](https://www.medicare.gov/medicare-prescription-drug-coverage-appeals) pou w konnen plis sou pwosesis sa a.

Ki tip kouvèti asirans ou genyen?

Si w gen Medicare, vizite [go.Medicare.gov/using-your-drug-plan](https://www.Medicare.gov/using-your-drug-plan) pou w konnen plis sou itilizasyon kouvèti asirans medikaman w lan, sou famasi prefere yo ak sou renouvèlman yo.

Si w gen kouvèti asirans Marketplace, vizite [go.HC.gov/marketplace-prescription-coverage](https://www.HC.gov/marketplace-prescription-coverage) pou w konnen plis sou itilizasyon kouvèti asirans preskripsyon w yo.

Si w gen Medicaid, kontakte biwo Medicaid eta w la pou w konnen plis sou itilizasyon kouvèti asirans preskripsyon w yo. Vizite [go.CMS.gov/state-menu](https://www.CMS.gov/state-menu) pou w jwenn kowòdone biwo Medicaid eta w la.

Si w gen Medicare epi w ap pran ensilin, w ap peye \$35 chak mwa (oswa mwens) pou chak medikaman ensilin ki kouvri ou pran epi ou p ap gen pou w peye dediktib. An 2024, elijiblite pou avantaj konplè dapre Pwogram Èd Sipleman a ap ogmante epi Pati D depans ou yo ap rive nan \$2,000 apati 2025. Medicare ap negosye tou pou pri kèk medikaman bese, pri sa yo ap antre an vigè an 2026 pou kèk medikaman. Vizite [go.Medicare.gov/drug-savings](https://www.Medicare.gov/drug-savings) pou w konnen plis sou chanjman k ap fèt nan pri medikaman sou preskripsyon Medicare yo.



KONPRANN PRESKRIPSYON W YO

Poze kesyon sou preskripsyon w lan avan w kite klinik founisè w la.



Ou ka vle poze kesyon tankou:

- Poukisa medikaman sa bon epi poukisa mwen bezwen l?
- Ki kantite mwen bezwen pran chak jou?
- Èske m dwe pran l avèk oswa san manje?
- Èske gen kèk manje oswa bwason mwen pa ta sipoze pran pandan mwen sou medikaman m nan?
- Konbyen tan sa ap pran pou m kòmanse santi efè medikaman m nan?
- Èske gen efè segondè ki posib?
- Kòman ak ki kote m dwe konsève medikaman m lan?
- Èske m ap bezwen pran yon randevou pou m ka jwenn yon renouvèlman?
- Èske m ka jwenn enfòmasyon preskripsyon m lan nan yon lòt lang oswa nan yon fòma ki aksesib?

Ou ka mande famasyon w lan tou enfòmasyon sou medikaman w lan.

Si w gen kesyon aprè w fin kite klinik founisè w la, famasyon w lan ka ede w:

- Konprann medikaman w lan
- Klarifye enfòmasyon founisè w la te ba ou oswa enfòmasyon w te jwenn sou entènèt

Li enpòtan pou famasyon w lan konnen ki medikaman w ap pran pou kounye a ak dosye medikal ou konsa l ap ka ede w pran medikaman w lan byen.

BYEN LI ETIKÈT PRESKRIPSYON NOU YO.

Etikèt preskripsyon w lan gen enfòmasyon founisè w la oswa famasi w la te bay sou kòman pou w pran medikaman w lan san danje. Etikèt la ap gen ladan l:

Nimewo Preskripsyon an (Rx#)

Nimewo famasi a itilize pou idantifye preskripsyon w lan. Jeneralman, li enprime anlè nan kwen goch etikèt la.

Non ak adrès pasyan an

Asire w non w sou etikèt la



MAIN STREET PHARMACY

Rx #8675309

LIZA CLARKE
313 Sea Street
Springfield, USA 73492

ENFÒMASYON
SOU FAMASI A:
15 Main Street
Springfield, USA 73492
PH: (457) 351-7623
Preskriptè: Dr. Joseph Tan

Preskri nan dat ki te: 01/07/2023
Dat Preskripsyon Inisyal: 01/07/2018

TANPRI KONSILTE DOKIMAN KÒMANN YO POU
ENFÒMASYON AK AVÈTISMAN SIPLEMANTÈ.

PA MOULEN L NI KRAZE L, VALE L KONSA

PRAN MEDIKAMAN SA A PANDAN W AP MANJE

METFORMIN ER KONPRIME 500mg
Jenerik pou Glucophage ER KONPRIME 500mg

BWÈ YON KONPRIME CHAK JOU NAN MATEN
PANDAN W AP MANJE MANJE MATEN

4 RENOUVÈLMAN AVAN 01/11/2023
JETE L APRE: 01/07/2024
KANTITE: 30 KONPRIME

Medikaman sa se yon konprime oval ki blan, li gen
MX ki enprime sou yon bò epi 500 sou lòt bò a.

Non ak adrès famasi a

Non medikaman an
Ki non medikaman w lan

Enfòmasyon sou kòman pou w pran medikaman an

Egzanp, li ka di
"Bwè 1 konprime chak jou"

Kantite renouvèlman
(nan yon dat detèmine)

Jete l aprè dat
Dat ou pa dwe pran
medikaman an ankò

Kantite
Ki kantite famasi a te ba ou
nan medikaman an

Non founisè a
Founisè ki preskri w
medikaman w lan



Fè atansyon ak kantite renouvèlman ou genyen.

Se pa tout preskripsyon ki ka renouvle otomatikman. Kontakte founisè w la avan renouvèlman w genyen an fini pou si w ta bezwen yon nouvo preskripsyon. Founisè w lan ka vle pwograme yon randevou avè w avan yo renouvle preskripsyon w lan. Li enpòtan pou w kontakte yo avan dènye renouvèlman w lan konsa ou p ap manke medikaman. Vizite [go.CMS.gov/c2c](https://www.cms.gov/c2c) pou plis enfòmasyon konsènan itilizasyon kouvèti asirans sante w la.

Ou bezwen plis èd?

Si w gen kesyon sou preskripsyon w lan, kontakte founisè w la oswa famasyon w lan. Ou ka jwenn enfòmasyon sou preskripsyon w yo nan yon fòm aksesib oswa nan yon lòt lang ki pa Anglè, nan famasi w la. Kontakte famasi w la pou plis enfòmasyon.



[go.CMS.gov/c2c](https://go.cms.gov/c2c)

Se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken ki finanse l

Dat Revizyon: Novanm 2023

Piblikasyon # 12206-HC

Piblikasyon sa reyalize, pibliye epi distribye avèk lajan moun k ap peye taks yo.

Kontni dokiman sa pa gen ni fòs ni efè lalwa epi li pa la pou l mare pye piblik

la nan okenn fason, sof si l entegre nan yon kontra. Dokiman sa a sèlman vle

klarifye egzijans ki egziste daprè lalwa yo pou piblik la.